

Deklarasyon Dwa pou Sant Dyagnostik ak Trètman (Klinik) yo

Antanke yon pasyan nan yon Klinik nan Eta New York, ou gen dwa, dapre lalwa, pou:

- (1) Resevwa sèvis(yo) kèlkeswa laj, ras, koulè, oryantasyon seksyèl, relijyon, sitiyasyon matrimonyal, sèks, orijin nasyonal oubyen patwon;
- (2) Pou yo trete w ak konsiderasyon, respè ak diyite anvan ak konfidansyalite nan tretman an;
- (3) Pou yo enfòmè w de sèvis ki disponib nan sant lan;
- (4) Pou yo enfòmè w de previzyon kouvèti ijans apre lè;
- (5) Pou yo enfòmè w de chaj pou sèvis, kalifikasyon pou ranbousman yon lòt moun, e lè li aplikab, disponiblite pou swen gratis oubyen nan pri redwi;
- (6) Resevwa yon kopi detaye de relve kont li a, sou demand;
- (7) Jwenn enfòmasyon ki konplè epi ki ajou konsènan dyagnostik, tretman ak pwonostik ke yo ka atann pou pasyan an konprann nan fason ki rezonab nan men pratisyen swen sante oubyen delege pratisyen swen sante li a;
- (8) Resevwa enfòmasyon ki nesèsè nan men doktè li a pou bay konsantman ki enfòmè anvan kòmansman tout pwosedi oubyen tretman ki pa ijan oubyen toulede. Tout konsantman ki enfòmè dwe genyen ladan l, antanke minimòm, previzyon enfòmasyon konsènan pwosedi oubyen tretman presi oubyen toulede, risk previzib rezonab yo, ak lòt chwa pou swen oubyen tretman, si genyen, kòm yon pratisyen medikal ki rezonab nan sikonstans ki menm jan ta ka afiche nan yon fason ki pèmèt pasyan an pran desizyon ki byen enfòmè;
- (9) Refize tretman nan limit lalwa otorize l pou l ka enfòmè konplètman de konsekans medikal aksyon l lan;
- (10) Refize patisipe nan rechèch eksperimantal;
- (11) Eksprime doleyans epi fè rekòmasyon nan politik ak sèvis anplwaye, operatè sant lan, ak Depatman Sante Eta New York san pè oubyen reprezay;
- (12) Eksprime plent konsènan swen ak sèvis ki bay epi pou fè sant lan fè investigasyon sou plent sa yo. Sant lan responsab pou bay pasyan ak moun li deziyen an yon repons alekri nan 30 jou si pasyan an mande, lè l endike rezilta ankèt la. Sant lan responsab tou pou avize pasyan an oubyen moun li deziyen an ke si pasyan an pa satisfè pa repons san, pasyan an ka pote plent bay Biwo Jesyon Sistèm Premye Swen, Depatman Sante Eta New York la;
- (13) Privasite ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye ki se pou tretman pasyan an;
- (14) Apwouve oubyen refize pou devwale oubyen afiche kontni dosye medikal li bay yon pratisyen swen sante ak/oswa etablisman swen sante sof jan lalwa egzije l oubyen pou kontra pèman yon lòt pati;
- (15) Aksè ak dosye medikal li dapre Atik 18 Lwa sou Sante Piblik, ak lòt pati 50-3. Pou plis enfòmasyon ale sou lyen:
http://www.health.ny.gov/publications/1449/section_1.htm#access
- (16) Otorize manm fanmi sa yo ak lòt adilt y ap bay priorite pou vizite dapre kapasite ou pou resevwa vizitè; epi
- (17) Fè konnen souwè ou nan sa ki konsène don anatomik yo. Ou ka dokimante souwè ou yo nan prokirasyon swen sante oubyen sou yon kat donatè, ki disponib nan sant lan.



**Depatman
Sante**